

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN


3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif, kalayan pamarekan étnografi, maké métode déskriptif analitik. Métode panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sajarah kasenian Ibing Buyung, struktur jeung prak-prakkan kasenian Ibing Buyung, ajén falsafah anu aya dina kasenian Ibing Buyung.

Nurutkeun Alwasilah (2009, kc. 92) desain panalungtikan dina pamarekan kualitatif boga karakteristik pokus kana kualitas panalungtikan (hakékat, ésénsi), tujuan pamahaman jeung déskripsi, ngumpulkeun datana sacara interviu, obsérvasi sarta panalungtikan salaku instrumén inti. Désain dina ieu panalungtikan ngawengku idéntifikasi masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, nyusun laporan panalungtikan, jeung nyindekkeun. Désain panalungtikan di luhur diébréhkeun dina bagan di handap.

Désain panalungtikan nya éta rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara *ekonomis* jeung saluyu kana tujuan panalungtikan (Nasution 1987, kc. 40). Métode anu dipaké tangtu bakal mangaruhan kana léngkah-léngkah panalungtik dina ngumpulkeun jeung ngolah datana. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan atawa hal séjén. Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngagambarkeun sarta ngajelaskeun hiji hal, nu satuluyna dijéntrékeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3).

Bagan 3.1
Désain panalungtikan







3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

3.2.1 Partisipan

Partisipan nya éta objék anu dijadikeun narasumber dina ngumpulkeun data panalungtikan. Partisipan anu dijadikeun narasumber dina wawancara nya éta Emalia Djatikusumah, Gumirat Barna Alam, Endai Sabarai, Ira Indra Wardana, Jeung Agustinus Anda Karda.


Table 3.2
Data Narasumber

No	Poto/wasta	Tempat, ping gumelar	Agama	Atikan	Kalungguhan
1	 Rama Djatikusumah	Bandung, 1 Mei 1930	Nurutkeun cara karuhun (Sunda wiwitan)	-	Pupuhu Adat Paseban Cigugur
2	 Emalia Djatikusumah	Kuningan, 26 Februari 1931	Nurutkeun cara karuhun (Sunda wiwitan)	-	Ibu Ratu Paseban Cigugur

3	 Gumirat Barna Alam	Bandung, 23 Oktober 1964	Nurutkeun cara karuhun (Sunda wiwitan)	SMA	Wakil Pupuhu Adat anu neruskeun kapamingpinan Pangéran Djati Kusumah
4	 Ira I ndrawardana	Kuningan, 3 Oktober 1975	Nurutkeun cara karuhun (Sunda wiwitan)	S2	Dosen
5.	 Endai Sabarai	Kuningan, 22 September 1961	Islam	S2	Kasi Kebudayaan dan Kesenian
6.	 Agustinus Anda Karda	Kuningan, 10 Agustus 1965	Katholik	SMA	Juru Tulis desa Cigugur

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Tempat panalungtikan mangrupa tempat anu di paké ku panalungtik pikeun ngayakeun hji panalungtikan. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kampung Wagé Kalurahan Cigugur Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan. Sacara géografis Kalurahan Cigugur lokasina aya di beulah kidul Kota Kuningan jeung di beulah kalér gunung Ciremai. Sacara astronomis posisinya aya dina titik koordinat $05^{\circ}58'8''$ LS jeung $108^{\circ}27'15''$ BT. Sacara administratif wates Kalurahan Cigugur nya éta beulah kulon Kalurahan Cipari, beulah kalér Kalurahan Kuningan, beulah wétan Kalurahan Sukamulya, jeung beulah kidul Desa Cisantana. Jumlah penduduk Kalurahan Cigugur téh 7.067 jiwa. Jumlah lalaki aya 3.620 urang, awéwé aya 3.447 urang.



Gambar 3.1
Peta Kacamatan Cigugur

Alesan Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan dijadikeun tempat panalungtikan nya éta:

- 1) Ieu tempat mangrupa sumber informasi ngeunaan kasenian Ibing Buyung anu aya di kabupatén Kuningan;
- 2) Mimiti mekarna kasenian Ibing Buyung anu aya di Kabupatén Kuningan;

Siti Kurniyasih, 2017

*AJÉN FALSAFAH DINA IBING BUYUNG DI UPACARA ADAT SÉRÉN TAUN DÉSA CIGUGUR
KECAMATAN CIGUGUR KABUPATÉN KUNINGAN TAUN 2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Di ieu tempat biasana ieu kasenian dipintonkeun dina puncak upacara sérén taun anu diayakeun ku Paseban Tri Panca Tunggal.

3.2.3 Kondisi Sosial Budaya

1. Kependudukan

Numutkeun data dina monografi desa Cigugur taun 2014, jumlah penduduk desa Cigugur nya éta 7.090. Lalaki aya 3.605 urang, sedengkeun awéwé aya 3.485 urang.

Tabel 3.3
Jumlah Penduduk Desa Cigugur

No.	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Laki-laki	3.605
2	Perempuan	3.585
Jumlah		7.090

Sumber: Monografi desa Cigugur taun 2014

2. Pendidikan

Tina segi pendidikan masarakat di desa Cigugur, paling loba nya éta lulusan SLTA. Tapi beuki ka dieu jenjang pendidikan masarakat desa Cigugur tangtu ngalaman kamajuan. Éta hal bisa katitén tina data di handap

Tabel 3.4
Jenjang pendidikan masarakat desa Cigugur

No	Jenjang Pendidikan	Jumlah
1	SD	1.767
2	SMP	784
3	SMA	2.793
4	Akademi/Universitas	643
5	Buta aksara	-
Jumlah		5.987

Sumber: Monografi desa Cigugur taun 2014

3. Pakasaban

Masyarakat desa Cigugur nya éta masyarakat agraris. Ku kituna, masyarakat Cigugur lolobana patani jeung buruh tani. Salian ti tani, aya ogé nu jadi wiraswasta, PNS, jeung sajabana. Data lengkepna bisa katitén tina table di handap

Tabel 3.5
Pakasaban Masyarakat desa Cigugur

No	Pakasaban	Jumlah
1	Patani	1.932
2	Buruh	1.363
3	PNS	512
4	Karyawan Swasta	455
5	Peternak	253
6	Wiraswasta	210
7	Industri kecil	4
Jumlah		4.729

Sumber: Monografi desa Cigugur taun 2014

4. Agama

Nurutkeun data monografi, aya 6 agama di nu diagem ku masyarakat desa Cigugur. bisa katitén tina tabel di handap

Tabel 3.6
Agama masyarakat desa Cigugur

No	Agama	Jumlah
1	Islam	4.197
2	Katholik	2.577
3	Protestan	171
4	Kepercayaan	132

Siti Kurniyasih, 2017

*AJÉN FALSAFAH DINA IBING BUYUNG DI UPACARA ADAT SÉRÉN TAUN DÉSA CIGUGUR
KECAMATAN CIGUGUR KABUPATEN KUNINGAN TAUN 2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5	Hindu	2
6	Budha	2
Jumlah		7.081

Sumber: Monografi desa Cigugur taun 2014

5. Sosial Budaya

Kaayaan sosial budaya masarakat di desa Cigugur kecamatan Cigugur réa. Salah sahijiana masarakat adat Paseban nu aya di desa Cigugur nu masih nyepeng kana tradisi karuhun. Contona upacara adat sérén taun anu baris dilaksanakeun unggal tanggal 22 rayagung penanggalan Sunda. Anu mangrupa sukuran masarakat kana hasil tatanén sataun katukang . dina upacara adat sérén taun, mintonkeun rupa-rupa kasenian salah sahijina nya éta Ibing Buyung ibing hasil kréasi Ibu Emalia Djatikusumah dumasar kana paripolah wanoja jaman baheula dina ngala cai ieu diayakeunna sataun sakali ku kituna, kabukti yén masarakat adat paseban desa cigugur miboga potensi sosial budaya anu kawilang alus ku cara mintonkeun wanoja anu ibing bari nincak kendi jeung nyuhun buyung ngirut wanoja nu ngarora pikeun diajar jeung wanoh kana kabiasaan wanoja jaman baheula dina ngala cai.

6. Basa nu digunakeun

Dumasar informasi ti kantor desa Cigugur, sacara umum basa nu digunakeun sapopoéna pikeun komunikasi nyaéta basa Sunda, tapi sakapeung mah sok ngagunakeun ogé basa Indonesia.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipake pikeun ngumpulkeun data dina panaluntikan (Basrowi, 2008, kc. 173). Panalungtik boga peran penting nya éta pikeun ngarencanakeun, ngumpulkeun data, nganalisis, nganafsirkeun data jeung nyieun laporan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina ieu analungtikan, nya éta: kamera digital, *handycamp*, HP (*hand phone*), pedoman wawancara jeung catetan lapangan.

a. Kamera Digital

Kamera digital digunakeun pikeun ngadokumentasikeun poto dina prak-prakan kasenian Ibing Buyung di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan, sarta poto narasumber anu diwawancara;

b. *Handycamp*

Handycamp digunakeun pikeun ngarékam vidéo prak-prakan kasenian Ibing Buyung, sarta ngumpulkeun data dina prosés wawancara ka para seniman jeung aprésiator kasenian Ibing Buyung di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan;

c. Hp (*Handphone*)

Hp digunakeun dina prosés lumangsungna wawancara pikeun ngarekam sora narasumber.

d. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman kasenian Ibing Buyung jeung para inohong anu miboga peran penting dina kasenian Ibing Buyung di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.

e. Catetan Lapangan

Catetan lapangan digunakeun ku panalungtik pikeun nyatet hal-hal anu kaalaman di lapangan. Catetan ieu mangrupa catetan-catetan singgét nalika panalungtikan. Satuluyna éta catetan dirobah jeung dilengkepan pikeun nyusun laporan panalungtikan.

3.3.2 Téknik Panalungtikan

a. Studi Pustaka

Studi pustaka dilakukeun ku cara nitéan buku-buku jeung literatur-literatur séjén anu aya hubunganna jeung ieu panalungtikan.

b. Téknik Obsérvasi

Téknik obsérvasi nya éta teknik anu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngarekam sagala kajadian atawa peristiwa dina kagiatan anu geus lumangsung.

Panalungtikan dilakukeun sacara sistematis, ngeunaan naon anu rék ditalungtik, jeung dimana tempatna (Basrowi, 2008, kc. 99). Obsérvasi dilaksanakeun langsung ku cara niténan ajén falsafahna nya éta asal-muasal, struktur (prak-prakan, tujuan, waktu, tempat, formasi, gerakan, lagu (syair) jeung busana) kasenian Ibing Buyung.

c. Téknik Wawancara

Téknik wawancara nya éta téknik anu dilakukeun ku nu ngawawancara (*interviewer*) salaku nu méré pertanyaan, jeung anu diwawancara (*interviewee*) salaku jalma anu méré jawaban (Basrowi 2008, kc. 127). Téknik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara narasumber dina éta kasenian, hal-hal naon waé anu patali jeung kasenian Ibing Buyung.

d. Téknik Dokuméntasi

Téknik dokumentasi nya éta métode anu dipaké pikeun ngumpulkeun data anu ngahasilkeun catetan-catetan penting anu aya hubunganna jeung masalah anu rék ditalungtik, nepi ka ngahasilkeun data anu lengkep, sah, jeung lain data anu meunang ngira-ngira (Basrowi, 2008, kc. 158). Téknik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakan panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun hal-hal nu ditalungtik dina kasenian Ibing Buyung.

e. Téknik Catetan Lapangan

Téknik catetan lapangan nya éta catetan anu mangrupa kotrétan anu eusina disingget, eusina mangrupa kekecapan anu penting (*kata kunci*), frasa, eusi tina hasil panalungtikan, gambaran, skétsa, sosiogram, diagram, jrrd (Moleong, 2012, kc. 208). Catetan lapangan diperlukeun ku panalungtik waktu ngayakeun hiji panalungtikan. Hal ieu dilakukeun lantaran miboga pungsi pikeun nyatet hal-hal anu katitén tina panalungtikan dilapangan, contona waé hal-hal anu kadéngé, kaambeu jeung bisa dirasakeun ku panalungtik.

Tabel 3.7
Kartu Wawancara

Data Informan	
Siti Kurniyati AJÉN FALSAFAH KECAMATAN Universitas	Wasta :
	Tempat, ping gumelar :
	Umur :
	Agama :
	Atikan :
	Kalungguhan :

Tabel 3.2
Daptar Pertanyaan dina Pedoman Wawancara

No	Rumusan	Pertanyaan
1	Kaayaan kasenian Ibing Buyung	<ul style="list-style-type: none"> - Naon alesana éta kasenian dingaranan kasenian Ibing Buyung? - Kumaha sajarah mimiti aya kasenian Ibing Buyung di Kacamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
2	Struktur kasenian Ibing Buyung	<ul style="list-style-type: none"> - Kumaha prak-prakan dina pintonan kasenian Ibing Buyung? - Naon tujuan kasenian Ibing Buyung dipintonkeun dina upacara sérén taun? - Iraha kasenian Ibing Buyung dipintonkeunna? - Dimana éta kasenian dipintonkeun? - Naon waé formasi dina pintonan kasenian Ibing Buyung? - Gerakan naon waé anu aya dina kasenian Ibing Buyung di Cigugur? - Lagu (syair) naon waé anu digunakeun pikeun mirig kasenian Ibing Buyung? - Naon wé alat anu dipakéna? - Busana naon anu dipaké pikeun mintonna?
3	Maksud tina kasenian Ibing Buyung	<ul style="list-style-type: none"> - Naon maksud dina formasi kasenian Ibing Buyung? - Naon maksud dina gerakan kasenian Ibing Buyung? - Naon maksud alat nu dipake dina kasenian Ibing Buyung ? - Naon maksud dina pakéan (busana) anu dipaké dina pintonan kasenian Ibing Buyung?

3.4 Analisis Data

Nurutkeun Bogdan (dina Basrowi, 2008, kc. 193) analisis data nya éta langkah pikeun ngumpulkeun data, ngawilah-wilah data, ngayakeun *sintesis*, néangan *kata kunci*, néangan naon anu penting, tuluy nyieun kacindekanana.

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah satuluyna anu kudu dilakukeun nya éta ngolah data (analisis data). Léngkah-léngkah dina ngolah data nya éta saperti di handap ieu.

- a. Nyusun data .
- b. Ngaidentifikasi data .
- c. Nganalisis data.
- d. Ngadéskripsikeun data.
- e. Nafsirkeun sarta nyieun kacindekan.